

Bible lessons. **Lesson 24 A SACRIFICE AND SINGING**

Genesis 22:1-18

Memory verse: **“Beloved, don’t be astonished at the fiery trial which has come upon you, to test you, as though a strange thing happened to you.” 1 Peter 4:12**

ABURAHAMU ATANGA ISAKA.

Icirwa ca 34

Itang. 22:1-18 .

Ijambo ngenderwako : « ***Abo nkunda, umuriro uri hagati yanyu wo kubagerageza ntubatangaze, nk’aho mushikiwe n’akatabonetse.***» 1 Peter 4:12

I. Intangamarara.

Aburhamu Inyuma yo kurindira isezerano yari yarahawe n’Imana, igihe carashitse baravyarana na sara umwana w’umuhungu bamwita Isaka. Amaze gukura, Imana iramumusaba ngo amutangeko ikimazi co guturirwa.

II. Ukugezwa

Iyo umuntu aje kuri Yesu amusaba agakiza, arakamuha ata na kimwe amusavye. K’Ubuntu. Apfa kwemera ko : yari umunyavyaha, akavyatura, akabiheba, akamwizera. Aca avuka ubwa kabiri. Nyuma, birashika m’urugendo umuntu agahura n’ibimugerageza bimisaba kwihangina kugera agisohotsemwo. **Mat.10 :22_b « Ariko uwihangana agashitsa kw’iherezo ni we azokira »**

Kuri Aburhamu, igihe carashitse co kugira bimenyekane ko yizeye Imana vy’ukuri m’umutima, atari m’umutwe gusa. « **Imana igomba kumugeza**» ntiyamugejeje ishaka kumugirira nabi, kwari kugira haboneke ukwizera kwiwe uko kungana imbere y’ikimugerageza. Imana ntaho yasaba ibimazi vy’abantu. Umucamanza Yefuta yatanze umukobwa wiwe atamusabwe n’Imana.

III. Ukwizera kutarinda ibiharuro

Iki nticari igihe c’amatwenga kuri Aburhamu narirya yari yarabuze umwana kuri Sara bakundanye kuva m’ubuto. Imana imusaba kumutanga nk’ikimazi, kandi ntiyavyanka, afata ingingo yo kumutanga koko. Ntiyarinze no guhanuza umuryango ico agomba gukora. Yari afise ukwizera kuri ico cose Imana imubwiye. Imana yaramubwiye ati : « Muri Isaka niho hazova ihanga

ryinshi »none ngo « Mumpe ko ikimazi co guturirwa » wokwibaza uti « none iryo hanga rinini azorikura mu kiziga ? » ariko ko ndabisabwe n’Imana, ndabikora. Na pawuro amaze guhamagarwa, ntiyarinze gusiguza abafise inyama n’amaraso. Soma **Ab’i Gar.1 :15-16**

IV. Mu gihugu c’i Moriya.

Vyarageze aho bitera amakenga Isaka, kuko yari asanzwe amenyereye aho se atanga ibimazi vy’ibitungwa. Yabona vyose bikwiye ariko ata kimazi abona. Se yamwijeje ko Imana iri bwironderere ikimazi. Mu gihe gikomeye si vyiza ko uwizera aca intege mu genzi we ngo biracika, turagowe, mera nka Aburahamu yizeje umwana ibitangaza naho Imana itari yamwemereye ko ihava itanga ico kimazi c’intama. Imana nayo ica irabikora.

-Amaze gushira Isaka ku gicaniro, akagorora ukuboko n’imbugita ngo amukerere, yumva ijwi riti : « **Aburahamu, Aburahamu, ntiwice Isaka umwana wawe...ngiyo ntama ba ariyo utanga** » vyari bimenyekanye ko Aburahamu afise ukwizera ko m’uutima koko.

-Intama yacunguye Isaka urupfu, niko na Yesu yitanze agacungura abantu urupfu.

V. Impembo yo kunesha

Itang. 22:16-18 Imana yaciye irahira kubera ukwizera abonye muri Aburahamu, aremera umugisha wo mu buryo bwose, yemera ko abo mw’isi bose bazoherebwa umugisha muri Isaka. Iyo umugororotsi yerekanye ukwizera, impembo iramukurikira na hano kw’isi. Amahoro, umunezero,....

VI. Yesu, umwagazi w’intama

Nta gukeka, Imana ibonye Abrahamu atanze umwana wiwe w’ikinege ngo abe ikimazi co guturirwa, Imana yemeye gutanga umwana wayo w’ikinege Yesu Kristo ngo abe ikimazi gitangiwe abantu bose kw’incungu ngo abamwizeye ntibazopfe urupfu rubi ahubwo baronke ubugingo budashira.

VII. Gushira mu ngiro

Abrahamu yemeye gutanga umwana wiwe kandi ata wundi yari afise, haraho Imana igusaba kuyikorera muvyo waronse bikakugora kuyizera, ukavyumako, wigire kuri sekuru w’abizera.

Imana yatanze umwagazi w’intama gucungura Isaka, ni nako Imana yatanze umwana wayo Yesu Kristo nk’ikimazi, arababazwa gushika no k’urupfu, aha kwari ukugira acungure abantu. Nawe uri mu bacunguwe. Niyo wamwizera,

ntuzopfa urupfu rwa kabiri kuko Yesu yagiye mu gishingo cawe. Inkwano yarayirishe, ni amaraso yavuye k'umusarabo.

Mu kigeragezo gikomeye, Aburahamu ntiyataye ururimi ngo ni icago atokwihanganira, yizeye Imana nkuko ibimusavye. Nawe niyo wabona ikije nkikigeragezo imbere yawe, ntuzote ukwizera wahawe, nyuma yavyo Imana izogucira inzira niyo wokomeza mu nzira yo kugororoka kugera kugupfa.

-Aburahamu yasezeraniwe umugisha kandi arawuronka. Nawe warasezeraniwe ijuru niyo wihangana gushitsa kugupfa. Wikorere umusaraba gushika k'uruzi rw'urupfu, impera ziriho kwa Data.

Yeu adusaba ukwizera kungana n'akabuto ka sinapi. Adusaba ku mwizera kuko atakitazodushobokera turi muri we. Hamwe no gusenga vyose birashoboka.